

Èske ou se yon travayè konstriksyon tanporè? Ou gen dwa.

Si w ap travay pou yon Founisè Travayè Konstriksyon—yo rele li tou yon « magazen kawosri » oswa « agans tanporè »—ou genyen dwa kèlkeswa jan sitiyasyon imigrasyon ou ye oswa dosye arestasyon ou.

Apati 9 jen 2022, Founisè Travayè Konstriksyon ki afekte w pou fè travay konstriksyon oswa travay manyèl sou chantye Vil New York yo, dwe jwenn yon lisans nan men Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè a (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) epi yo dwe ba w avi ki obligatwa yo nan lang Anglè ak nan lang matènèl ou pou kapab siyen yo.

1. Avi Sètifikasyon

Avi sa a mete w okouran konsènan nenpòt sètifikasyon, fòmasyon, oswa lòt deziyasyon ou bezwen pou ka fè travay la, ansanm ak pri a, epi si Founisè Travayè Konstriksyon an ap peye. Ou dwe resevwa avi sa a *anvan* yo anboche ou.

2. Avi konsènan Dwa yo

Avi sa a divilge pwoteksyon kle travayè yo, ki gen ladan konje sekirite ak konje maladi; espas travay ki an sekirite epi ki pwòp; salè minimòm ak lè siplemantè; dedomajman pou aksidan nan travay; asirans chomaj; espas travay ki pa gen diskriminasyon; epi okenn vanjans. Ou dwe resevwa avi sa a lè yo anboche ou.

3. Avi pou Afektasyon an

Avi sa a mete w okouran konsènan sa travay la gen ladan l (afektasyon travay la), li mete w okouran konsènan nenpòt ekipman oswa rad pwoteksyon ou bezwen pou ka fè travay la, ansanm ak salè epi avantaj yo. Ou dwe resevwa avi sa a *anvan* ou ale nan yon nouvo chantye, eksepte nan kèk sikonstans ki limite.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent nan DCWP:

- Ale sou nyc.gov/workers
- Rele nan **311** epi di “construction labor provider” (founisè travayè konstriksyon)

Epitou, ou kapab rele yon Founisè Travayè Konstriksyon lajistis nan tribinal eta a pou chèche jwenn dedomajman, ki gen ladann depans pou pwosedi tribinal yo ak frè pou avoka yo.



Eric L. Adams
Mayor

**Consumer and
Worker Protection**

Vilda Vera Mayuga
Commissioner